

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif, lantaran analisis datana ngagunakeun ukuran data kuantitatif, kalayan ngagunakeun métodé kuasi ékspérimén. Kuasi ékspérimén miboga tujuan pikeun nguji éféktif henteuna modél pangajaran *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) dina kamampuh maca sajak. Dumasar kana métode panalungtikan di luhur desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *one group, pre-test, post-test*, desainna saperti ieu di handap.

O₁	X	O₂
----------------------	----------	----------------------

Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

(Arikunto, 2013, kc.124)

Keterangan:

- O₁:** kamampuh maca pamahaman sajak saméméh ngagunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA)
- O₂:** kamampuh maca pamahaman sajak sabada ngagunakeun model *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA)
- X :** perlakuan modél *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) di pangajaran maca sajak

Dina desain ieu, obsérvasi dilakukeun 2 kali, nya éta saméméh ékspérimén jeung sabada ékspérimén. Observasi anu dilakukeun saméméh ékspérimén (**O₁**) *pre-test*, jeung observasi sabada ékspérimén (**O₂**) disebut *post-test*.

3.2 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2019/2020 anu jumlahna 36 siswa. Ari anu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca pamahaman sajak. Ieu hal luyu jeung pamadegan Arikunto (2014, kc.172) sumber data mangrupa subjék timana data dimeunangkeunana.

Tabél 3.1*Jumlah Siswa Kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2019/2020*

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Jumlah Lalaki	20
2	Jumlah Awéwé	16
Jumlah Total		36

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés dilakukeun pikeun ngumpulkeun data. Ieu hal luyu jeung pamadegan Arikunto (2014, kc.175) instrumén panalungtikan mangrupa alat anu dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawé sarta hasilna leuwih hadé. Tés anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngukur kamampuh siswa maham eusi sajak dina nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak nyaéta unsur batin (téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat) sarta unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa jeung wirahma. Wanda tesna nyaéta tés tulis, wangun tésna mangrupa objéktif *pilihan ganda* (PG) kalayan 4 option (a,b,c,d). Soal tés jumlahna 20. Ieu hal dipaké sangkan panalungtik bisa objéktif dina méré peunteun. Matéri anu dipake pikeun testna saperti kisi-kisi ieu di handap.

Tabél 3.2*Kisi-kisi Soal Saméméh jeung Sabada*

No	Materi	Unsur-unsur Sajak	Jumlah Butir Soal	Nomer Soal
1	Unsur Batin Sajak	Tema	1	1
		Rasa	1	2
		Nada	1	3
		Suasana	1	4
		Amanat	1	5
		Eusi	1	6
2	Unsur Fisik Sajak	Diksi/Kabeungharan Kecap	6	7,8,9,10,11,12
		Kecap Konkret	2	13,14
		Imaji	2	15,16
		Purwakanti	2	17,18
		Gaya Basa	1	19

Risye Tri Andani, 2020


MODÉL PANGAJARAN DIRECTED READING-THINKING ACTIVITY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN SAJAK (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMAN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | pepustakaan.upi.edu

	Wirahma	1	20
Jumlah		20	20

3.4 Prosédur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3.2
Prosédur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah- léngkah dina panalungtikan dipedar saperti ieu handap.

a. Tatahar

Dina tahap tatahar panalungtik ngayakeun survey ka sakola nu bari dilaksanakeun panalungtikan nyéta di SMA Negeri 15 Bandung ngeunaan masalah naon nu karandapan ku siswa dina pangajaran maca basa Sunda tuluy panalungtik ngarancang léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun dina panalungtik pikeun ngungkulan masalah nu aya nyaéta makéna modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) pikeun ngaréngsékeun masalah dina pangajaran maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung. Anu jadi variabel dina ieu panalungtikan aya dua, nyaéta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébasna modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA), sedengkeun nu dipangaruhanana mangrupa variabel kauger nyaéta kamampu maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 di SMA Negeri 15 Bandung.

b. Ngalaksanakeun Panalungtikan

Dumasar masalah anu kapaluruh dina pangajaran maca pamahaman, pikeun ngumpulkeun data panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ka kelas. Téhnik anu dipaké nyaéta téhnik tés. Dilaksanakeun dua kali, kahiji *pretest* dilaksanakeun saméméh dibéré perlakuan tujuanana pikeun mikanyaho kamampu maca pamahaman sajak siswa saméméh ngagunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA). Tés kadua nyaéta *posttest* anu dilaksanakeun sanggeus *perlakuan* tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh maca pamahaman sajak sanggeus ngagunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA)

c. Nganalisis Data

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan tangtu aya data *pretest* jeung *posttest*. Ku kituna, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data hasil panalungtikan make rumus-rumus sintaksis.

d. Kacindekan

Sanggeus ngalaksanakeun sakabéh prosedur panalungtikan nu ngawengku tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyieun kacindekkan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh maca sajak nu mangrupa unsur batin jeung unsur fisik sajak. Data unsur batin ngawengku téma, rasa, nada, amanat, suasana, jeung eusi. Sedengkeun unsur fisik ngawengku diksi, kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa, jeung wirahma. Tés dilaksanakeun dua kali nyaéta tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*). Tés awal dilakukeun saméméh dilaksanakeun pangajaran kalawan ngalarapkeun modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) dina pangajaran maca sajak, anu tujuanna pikeun ngukur kamampuh awal siswa, sedengkeun tés ahir dilakukeun sabada ngagunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) dina pangajaran maca sajak, tujuanna pikeun ngukur kamampuh ahir siswa sabada perlakuan.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina ieu panalungtikan. Data anu kacangking tina hasil *pretest* jeung *posttest* tuluy diolah sangkan kapanggih bédana antara hasil *pretest* jeung hasil *posttest*. Data anu kudu dicangking nyaéta:

Hipotésis diujikeun pikeun ngajawab rumusan masalah, data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah make sababaraha prosedur saperti ieu di handap.

- a. Mariksa hasil tes kamampuh maca pamahaman sajak kalawan ngagunakeun téhnik mariksa tés objéktif Konci Papasangan (*Kunci Bedamping/Strip Keys*).
- b. Meunteun hasil tés siswa dina maca pamahaman sajak kalawan ngagunakeun pedoman penskoran anu geus ditangtukeun saperti dina table 3.1. jawaban siswa ditabulasikeun dina tabél 3.3.

Tabél 3. 3
Format Meunteun Pretest jeung Posttest Maca Pamahaman kana Sajak

No	Kamampuh Maca Sajak													P	K	
	Unsur Batin							Unsur Fisik								
	A	B	C	D	E	F	Σ	G	H	I	J	K	L	Σ		
1																
2																
Σ																
X																

Katerangan:

A: Téma

B: Rasa

C: Nada

D: Suasana

E: Amanat

F: Eusi

G: Diksi

H: Kecap Konkrét

I: Imaji

J: Purwakanti

K: Gaya Basa

L: Wirahma

N: Nomor Urut Siswa

Σ: Jumlah

X: Rata-rata

P: Peunteun

Dumasar kana padoman penskoran, skor maksimal tina jawaban siswa nyaéta 20. Skor anu kahontal ku sswa dirobah jadi skor ahir ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun X} = \frac{\sum \text{skor siswa}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

(Susetyo, 2011, kc.34)

Peunteun atawa kategori anu dianggap mampuh maca pamahaman sajak sarua jeung Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) mata pelajaran bahasa Sunda di SMA Negeri 15 Bandung kelas X nyaéta 70.

Kategori:

Peunteun ≥ 70 siswa dianggap mampuh maca pamahaman sajak

Peunteun ≤ 70 siswa dianggap can mampuh maca pamahaman sajak

Pedoman meunteun atawa kritéria meunteun kamampuh siswa maca pamahaman sajak kalawan nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak saperti

Risye Tri Andani, 2020

MODÉL PANGAJARAN DIRECTED READING-THINKING ACTIVITY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN SAJAK (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMAN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | pepustakaan.upi.edu

unsur batin sajak nyaéta téma, rasa, nada, suasana, jeung amanat sarta unsur fisik sajak nyaéta diksi, kecap-kecap konkret, imaji, purwakanti, gaya basa , jeung wirahma, pikeun mikanyaho eusi atawa maksud anu nyangkaruk dina sajak téh dipidangkeun dina wangun tabél 3.4

Tabél 3. 4
Kritéria Meunteun Maca Pamahaman Siswa Sajak

No	Unsur Sajak	Indikator Soal	Skor	Keterangan
1	Unsur Batin Sajak	Nangtukeun Tema	1	Siswa mampu ngajawab soal dina wangun tés objéktif kalawan bener jeung salah, dumasar kana katangtuan: 1= bener 0= Salah (Susetyo, 2011, kc. 23)
2		Nangtukeun Rasa	1	
3		Nangtukeun Nada	1	
4		Nangtukeun Suasana	1	
5		Nangtukeun Amanat	1	
6		Nangtukeun Eusi	1	
7	Unsur Fisik Sajak	Nangtukeun Diksi/Kabeungharan Kecap	6	(Susetyo, 2011, kc. 23)
8		Nangtukeun Kecap Konkret	2	
9		Nangtukeun Imaji	1	
10		Nangtukeun Purwakanti	2	
11		Nangtukeun Gaya Basa	2	
12		Nangtukeun Wirahma	1	
Jumlah			20	20

c. Tabulasi data, Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest*.

Tabél 3. 5
Peunteun Hasil Pretest jeung Posttest

No	Ngaran Siswa	Hasil Pretest	Hasil Posttest
1			
2			

d. Data dianalisis pikeun nguji hipotésis, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

3.7 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas, uji homogenitas, uji gain, jeung uji hipotésis.

3.7.1 Uji Normalitas Data

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu gunana pikeun mikanyaho normal henteuna data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 76) nétélakeun yén hiji data anu ngabentuk distribusi normal nalika jumlah data di luhur jeung di handap rata-rata nyaéta sarua, kitu ogé simpangan bakuna. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogrov-Smirnov*, ku taraf signifikan 95% ($\alpha = 0,05$). Kriteria ngujina saperti kieu.

H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $\leq 0,05$

3.7.2 Uji Homogénitas Data

Uji homogénitas digunakeun salaku bahan acuan pikeun nangtukeun kaputusan uji data anu satuluyna. Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

Lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$, ditétélakeun yén varians tina dua atawa leuwih kelompok populasi data sarua (homogén).

Lamun nilai sig. (signifikansi) $\leq 0,05$, ditétélakeun yén varians tina dua atawa leuwih kelompok populasi data teu sarua (henteu homogén).

3.7.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Aya dua cara nalika nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil data anu normalitas nunjukeun hasil data anu distribusi normal, éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic parametris* kalawan ngagunakeun *t-test*, sedengkeun saupama éta data teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun *statistic non-parametris* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Risye Tri Andani, 2020

MODÉL PANGAJARAN DIRECTED READING-THINKING ACTIVITY PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN SAJAK (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS X MIPA 3 SMAN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2019/2020)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | pepustakaan.upi.edu

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan ngagunakeun *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

H_1 (Hipotésis alternatif): Aya bédana anu signifikan antara kamampuh paguneman siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung saméméh jeung sabada digunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity*.

H_0 (Hipotesis nol): Teu aya bédana anu signifikan antara kamampuh paguneman siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung saméméh jeung sabada digunakeun modél *Directed Reading- Thinking Activity*.